**दिन– मंगलवार** **दिनांक–17.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्यसभा मे भारतीय संविधानक पचहत्तरि बरखक गौरवशाली यात्रा विशेष चर्चा आइ सेहो जारी **अछि**। सदनक नेता आ केन्द्रीय मंत्री जगत प्रकाश नड्डा चर्चा मे भाग लैत कहलनि जे भारतीय लोकाचारक अनुसार लोकतंत्र मे स्वतंत्रता, समानता आ समावेशिता समाहित अछि, जे देशक नागरिक कँ सम्मानजनक जीवन जीबाक अधिकार दैत अछि। चर्चा मे जीडीएस नेता एच.डी देवेगौड़ा, टीएमसीक सुष्मिता देव आ जदयूक रामनाथ ठाकुर सेहो हिस्सा लेलनि।

---

केन्द्रीय विधि मंत्री अर्जुनराम मेघवाल आइ एक राष्ट्र–एक चुनाव सँ सम्बन्धित एक सय उनतीसम संविधान संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस सदन मे पेश कऽ देलनि अछि। एम्हर, कांग्रेस, टीएमसी समाजवादी पार्टी समेत विपक्षी दल सभ विधेयक पेश करबाक विरोध कयलनि आ एकरा संविधानक बुनियादी ढ़ांचा पर आघात बतौलनि। विपक्ष एहि विधेयक के जाँच लेल संयुक्त संसदीय समिति–जेपीसी के भेजबाक मांग कयलनि।

---

श्रीलंकाक राष्ट्रपति अनुरा कुमारा दिसानायके आइ बोधगयाक महाबोधि मंदिर मे पूजा–अर्चना कयलनि। श्री दिसानायके पवित्र महाबोधि वृक्षक दर्शन कयलनि। राष्ट्रपति दिसानायके बोधि वृक्षक नीचाँ बैस कऽ किछु काल प्रार्थना सेहो कयलनि। ओ महाबोधि मंदिर परिसर स्थित मुकालिंदा सरोवर, रत्नगिरी, चंकरामण समेत कतेको महत्वपूर्ण स्थानक दौरा सेहो कयलनि। एहि सँ पूर्व बोधगया पहुँचबा पर महाबोधि मंदिरक मुख्य पुजारी भिक्षु चलिंदा

आ बोधगया मंदिर प्रबंधन समितिक पदाधिकारी लोकनि श्रीलंकाक राष्ट्रपति कैँ भव्य स्वागत कयलनि। राष्ट्रपतिक आगमन के लऽकऽ मंदिर परिसर आ लऽग पासक क्षेत्र सभ मे कड़ा सुरक्षा व्यवस्था कयल गेल छल।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार तैइस दिसम्बर सँ राज्यक विभिन्न जिला सभ मे प्रगति यात्रा करताह। प्रगति यात्राक पहिल चरण तैइस दिसम्बर सँ अट्ठाइस दिसम्बर धरि होयत। एहि चरण मे मुख्यमंत्री श्री कुमार पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, शिवहर, सीतामढ़ी आ मुजफ्फरपुर जिलाक दौरा कऽ कतेको विकास योजना सभक समीक्षा करताह। ओ कतेको ठाम लोकसभ सँ संवाद सेहो करताह।

———————————————————————————

विधान पार्षद शशि यादवक नेतृत्व मे भाकपा मालेक पाँच सदस्यीय दल आइ समस्तीपुर के बंगरा स्थित सरसौना गेलाह। दल सरसौना सीमेंट फैक्ट्री मे एक मजदूरक मृत्युक बाद विरोध प्रदर्शन कऽ रहल लोकसभ पर लाठीचार्जक पीड़ित लोकनि सँ भेंट कयलनि। दलक सदस्य मृतकक परिजन सभ सँ सेहो गपशप कयलाह। माले नेता आ कार्यकर्ता लोकनि ताजपुर मे प्रतिरोध मार्च निकाललाह आ एहि मामिला मे दोषि सभ पर कार्रवाइक मांग कयलनि अछि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक आठ खिलाड़ीक चयन राष्ट्रीय स्कूल गेम्स ताईक्वांडों प्रतियोगिताक लेल भेल अछि। ई सभ खिलाड़ी बीस दिसम्बर सँ मध्यप्रदेशक देवास मे होयबला अंडर–नाईंटीन बालक–बालिका प्रतियोगिताक विभिन्न स्पर्धा मे भाग लेताह। जिला शिक्षा पदाधिकारी राजदेव राम आइ अपन कार्यालय कक्ष मे चयनित खिलाड़ी सभ कैँ स्वागत कयलाह। ओ खिलाड़ी सभ के अपन शुभकामना दैत विदाह कयलाह।

———————————————————————————

पूरबा हवाक प्रवाह सँ प्रदेशक अधिकांश भाग मे तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि दर्ज कयल गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा के दरमियान रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल, जतऽ के न्यूनतम तापमान छओ दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। जनतबक अनुसार राज्यक दक्षिणी भाग मे ठंढ़ा हवाक प्रभाव कम भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे प्रदेशक कतेको हिस्सा मे अगिला दू दिन धरि रातिक तापमान मे आंशिक वृद्धि होयत रहत। एहि संग प्रदेशक अधिकांश भाग मे भोर आ साँझ मे मध्यम स्तरक कुहेस रहबाक संभावना अछि।

———————————————————————

सीतामढ़ी पुलिस जिलाक टॉप टेन अपराधी मे शामिल विजय झा के हथियारक संग गिरफ्तार कयलक अछि। पकड़ल गेल अपराधी तिहार जेल मे बंद गैंगस्टर विकास झा के गिरोह के लेल काज करैत छल।

———————————————————————

अररिया जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे चलायल गेल अभियानक दरमियान पुलिस भारी मात्रा मे शराब, कोडिनयुक्त सिरप आ मादक पदार्थ स्मैक के संग चौदह लोक के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

पश्चिमी चंपारण जिलाक बगहा–टू प्रखंडक सहकारी प्रोजेक्ट बालिका उच्च विद्यालयक चारि छात्रा रानी, रेशमा, श्रेया आ चुनमुन के चयन राष्ट्रीय बाल विज्ञान शोध प्रतियोगिताक लेल कयल गेल अछि। छात्रा सभ कैँ एहि सफलता सँ पूरा क्षेत्र मे खुशी पसरि गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त